

REYAKSYON EKIP MULTIDISCIPLINÈ MIDDLESEX COUNTY KONT ESPLWATASYON TIMOUN

Yo Sispèk Esplwatasyon Timoun

Yo Depoze Rapò 51A devan DCF epi Rele 911 si se yon ka ijans

DCF voye avètisman touswit bay DA/CAC a

Manm MDT Idantifye epi Reyini pou pale sou Estrateji Reyaksyon, Manda Ajans, epi Kalandriye pou aksyon, tankou:

Avètisman pou Fanmi
Entèvyou avèk Jenn Moun lan
Egzamen Medikal
Danje ak Sekirite
Kontak Kolateral
Jiridiksyon
Entèvyou avèk Moun yo Akize a

(MDT kapab pale nan telefòn oswa kontre avèk moun lan)

MDT Ekri Rekòmandasyon

(dapre enfòmasyon ki pataje ak evalyasyon kondisyon jenn moun lan)

Patisipasyon
Jenn Moun

Plasman /
Abri

Tretman
Sikolojik

Sipò
Entèpèsennèl
Pwositisyon
an / Gidans

Menas / Danje Sipò /
Moun yo di ki Chèf
Moun ki fè Zak la

Evalyasyon
Medikal/Swen
Sante

Konklizyon Ankèt la

(Pi devan, yo ka retounen mete ka a ankò nan dosye pou ankèt la, si sa nesesè, + TRACE pral relanse pwotokòl la depi yo depoze yon nouvo 51A)

KONTAKTE NOU

Biwo Middlesex Children's Advocacy Center ("MCAC") anndan Inite pou Pwoteksyon Timoun (Child Protection Unit) nan Biwo Komisè Gouvènman (District Attorney) Middlesex la.

**Middlesex District Attorney's Child Protection Unit
(Inite pou Pwoteksyon Timoun nan Biwo Komisè Gouvènman Middlesex)**

781-897-8400

**Middlesex Children's Advocacy Center
(Sant Middlesex pou Defann Dwa Timoun)**

www.middlesexcac.org

Department of Children and Families Hotline (Nimewo Telefòn Espesyal nan Depatman pou Timoun ak Fanmi):
800-792-5200 (louvri apre lè biwo ak pandan jou fèt)

**National Human Trafficking Hotline
(Nimewo Telefòn Espesyal Nasyonnal sou kesyon Trafik Moun)**



1-888-373-3888

Voye tèks "BE FREE"

"TRACE ap fè tout sa ki posib pou amelyore kominikasyon enfòmasyon, ak pou tabli plis kowoperasyon anndan ak nan pami ajans yo, pou nou ka rive reyaji avèk plis efikasite kont ka CSEC yo."

– Marian Ryan, Komisè Gouvènman Middlesex

SÈVI AVÈK TRAVAY EKIP POU FÈ YON DIFERANS



MWEN PA pou VANN

TRACE

REYAKSYON ANN EKIP KONT ESPLWATASYON TIMOUN

TRACE

TRACE se yon reyaksyon an kolaborasyon kont esplwatasyon komèsyal timoun ("CSEC") nan Middlesex County. An dènye rekou, yo te kreye pwogram sa a pou ede jenn moun ki viktim nan CSEC santi yo san danje, pou yo koupe kontak avèk moun k ap esplwate yo, epi pou yo jwenn yon mwayen pou pran kontwòl lavi yo ak lavni yo.

Lè yo sèvi avèk yon ekip miltidisciplinè (MDT) ki santre sou jenn moun, sa fè yo oblije fè mwens entèvyou avèk jenn moun lan, sa senplifye kowòdinasyon sèvis pou jenn moun yo, sa mete ajans yo an konfyans epi sa ede youn respekte lòt, epi sa fè yo kapab pran desizyon ki plis nan enterè jenn moun yo.

MDT a genyen ladan reprezantan ki soti nan:

- Lapolis
- Ajans ki pwoteje timoun
- Sèvis pou viktim
- Pwofesyonèl sante
- Sèvis deyò
- Pwogram konseye pou ede viktim
- Biwo avoka pou timoun ak/oswa paran (si gen ka pou sa)

Kòm li ankouraje inisyativ nan reyaksyon MDT a, pwogram TRACE la pral ranfòse travay n ap fè pou idantifye moun k ap esplwate timoun ak fè trafik timoun, epi fè pran sanksyon kont yo.



**YO VANN MINÈ
KI VIKTIM YO
POU SÈKS AN
MWAYENN 10 A 15
FWA CHAK JOU**

IDANTIFIKASYON JENN MOUN KI VIKTIM CSEC

Yon jenn moun ki viktim CSEC, se youn ki fè oubyen yo sispèk ki fè sèks pou li ka jwenn yon kote pou li rete, oswa manje, lajan, dwòg, edikasyon, swen, oswa nenpòt bagay ki gen yon valè.

Yon machann / chèf pwostitisyon se yon moun ki vize epi ki rale jenn moun vilnerab nan endistri ki vann sèks; li isèvi avèk manipilasyon sikolojik pou fè jenn moun lan kwè li renmen l epi li vle wè byen pou li. Apre li fin genyen konfyans ak alejans jenn moun lan, chèf pwostitisyon an sèvi avèk mwayen kontwòl fizik, ak vyolans, ak abitud pran dwòg pou fè jenn moun lan santi li pran nan pyèj epi li p ka fè anyen. "Konneksyon twomatik" sa a difisil pou kraze, epi li fè jenn moun lan rete lwayal menm si li viktim gwo abi.

**1 sou 3 ADOLESAN PRAL
VIKTIM ESPLWATASYON
SEKSYÈL ANVAN 48 ÈDTAN PASE APRE
YO KITE LAKAY YO**

SIY DANJE

Nan pami siy danje ki konn montre yon jenn moun kapab viktim CSEC, genyen:

- Si li te abitye oubyen si kounye a li sove kite lakay li oswa kite yon pwogram
- Si li pa prezante nan lekòl li anpil fwa
- Si li genyen atik moun pa konnen kote li jwenn yo, tankou telefòn selilè, pwodui makijaj, bijou, ak rad
- Tatou, mak sou kò li, oswa lòt bagay li renka pou esplike yo
- Siy ki montre aklè yo maltrete li
- Nouvo "zanmi" ki se moun majè oswa adolesan ki pi gran pase li
- Konpòtman ki abitye parèt lè yon moun gen PTSD
- Enfeksyon seksyèl ki tounen plizyè fwa oswa ansent

KISA OU DWE FÈ SI OU SISPÈK YON KA CSEC

- Evalue si gen siy danje dape kapasite ak fòmasyon pwofesyonèl ou.
- Fè yon Rapò 51A touswit bay DCF si ou sispèk yon jenn moun nan yon ka CSEC. Ou pa dwe pran tan pou w fin mennen yon ankèt anvan ou fè sa.
- Nenpòt kesyon yo poze jenn moun lan dwe konsantre sou aspè viktim lan, kidonk li pa dwe gen jijman ladan, epi li dwe konsantre sou tabli konfyans:
 - Se yon sèl moun ki dwe chita pale avèk jenn moun lan pou poze li kesyon an prive.
 - Sa ki ka pi bon, se si moun sa a resevwa fòmasyon nan idantifye CSEC ak nan jan pou li reyaji.
 - Kesyon yo pa dwe sanble kesyon nan yon ankèt; pase pou sa, pa dwe gen anpil kesyon, epi objektif kesyon yo dwe pou gade si gen yon rezon tout bon pou sispèk jenn moun lan viktim CSEC.
 - Pa janm poze kesyon ki mande "Pou kisa".
 - Yo pa dwe mande jenn moun lan fè yon deklarasyon ekri.
- An kolaborasyon avèk MDT a, premye rankont lan dwe genyen kòm objektif pou tabli kominikasyon, ak pale sou sekirite, epi pou gade bezwen fondamantal jenn moun lan (tankou manje, kote pou li rete, ak swen medikal).
- Yo dwe eseye, avèk kolaborasyon MDT a, jwenn yon foto jenn moun lan ki pa gen twò lontan. a recent photograph of the youth.



**13
AN LAJ**



**LAJ MWAYEN JENN MOUN KONN ANTRE
NAN ENDISTRI KI FÈ KOMÈS SÈKS**